EURASIAN JOURNAL OF TECHNOLOGY AND INNOVATION
Innovative Academy Research Support Center
Open access journal www.in-academy.uz




# ESITIWINDE KEMSHILIGI BOLǴAN BALALAR MENEN ALÍP BARÍLATUǴÍN LOGOPEDIK SHÍNÍǴÍWLAR

**Ashirbaeva Umida Urakbay qızı**
NMPIdiń"Arnawlı pedagogika (logopediya)" tálim baǵdarı 1-kurs studenti
Ilimiy basshı: p.i.k.docent **A.A.Bekimbetova**

**ARTICLE INFO**

Received: 06th July 2023
Accepted: 11th July 2023
Online: 12th July 2023

**KEY WORDS**

*Tutlıǵıw, rinolaliya, sóylew tempiniń buzılıwı, optikalıq disgrafiya, dislekciya, alaliya, erte balalar afaziyası, ima-ishara tili.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada esitiw sistemasında kemshiligi bar bolǵan balalarda kelip shıǵatuǵın sóylew procesiniń páseyiwi, sóz baylıǵınıń joǵalıwı, qulaǵı awır balalarda kelip shıǵatuǵın sóylew kesellikleri hám sebepleri, bunday balalar menen alıp barılatuǵın shınıǵıwlar haqqında aytılǵan.*

**Kirisiw.** Ayırım balalardaǵı sensor: esitiw yamasa kóriwdiń tómenlewi hám intellektual rawajlanıwdaǵı qopal kemshilikler, sonıń menen birge, balalar miy tormozlanıwı keselliginde gúzetiletuǵın háreket sferasındaǵı buzılıwlar balalar sóylewiniń barlıq komponentleriniń rawajlanbay qalıwına alıp keliwi múmkin. Barlıq jaǵdaylarda bular ayrıqsha etiopatogenetik ózgeshelikke iye bolǵanlıǵı sebepli, korrekcion tásir etiw metodların defferensial qollawdı talap etedi.

Logopedik tásir esitiwi tómenlegen balalar menen alıp barılatuǵın jumıslarda nátiyjeli qollanıwı múmkin. F.F.Rau, L.V.Neyman hám V.Beltyukovlardıń táriyplewine qaraǵanda, " hálsiz esitiw dep esitiwdiń sonday tómenlewine aytıladı, bunda sóylewdi rawajlandırıwda qıyınshılıqlar tuwıladı, biraq arnawlı jaratılǵan sharayatlarda (dawıstı kúsheytiw, sóylewdiń tikkeley qulaqqa jaqın keliwi, dawıs kúsheytiriwshi ásbaplardı qollaw ) esitiwi járdeminde qatnasqa kirisiw múmkin boladı". Esitiw imkaniyatı joq balalarda dawıs kúsheytiriwshi ásbaplar qollanılsa da sóylewdi rawajlandırıw múmkinshiligi bolmaydı. Esitiwdiń ayqın hám turaqlı tómenlewi tek ǵana sóylewdi rawajlandırıw, bálki ekspressiv sóylewdiń buzılıwına yamasa rawajlanbawına da alıp keledi [1].

Esitiwinde kemshilikke iye balalarda esitiw funkciyası jaǵdayı menen baylanıslı bolmaǵan sóylew kemshilikleriniń forması da baqlanadı. Bular: tutlıǵıw, sóylew tempiniń buzılıwı, rinolaliya, optikalıq disgrafiya hám dislekciya, dizartriya, mexanik dislaliya, dawıs buzılıwı, alaliya, erte balalar afaziyası.

**Tiykarǵı bólim.** Esitiwinde kemshiligi bolǵan balalar ushın ana tili - ima-ishara tili esaplanadı. Biraq mektepke shekemgi jastaǵı balalarda teń integraciyanı támiyinlew hám kishkene balalardıń awızeki sóylewin rawajlandırıwǵa tiykarǵi itibar qaratıladı. Bunday balalardıń sóylewin rawajlandırıw quramalı proces esaplanadı. Awızeki sóylewdıń rawajlanıwında esitiw analizatorı-sóylewdi háreketke keltiriwshi analizatorlar qatnasadı. Eń

dáslep esitiw qábiletin qáliplestiriw, psixologik, korrekcion pedagogik tárepten tayarlıq kóriw, sózlik baylıǵın rawajlandırıw zárúr.

Awızeki sóylewdi qáliplestiriwde tálimiy oyınlar hám didaktik materiallardan paydalanıladı. Bul arqalı balalardıń sózlik baylıǵı artadı, saqlanǵan esitiw qaldıǵı rawajlanadı. Surdopedagog hám tárbiyashınıń birgelikte durıs hqm anıq alıp barǵan is-háreketleri unamlı nátiyjege erisiwge sebepshi boladı. Yaǵnıy, balalar tárbiyasında innovacion tálim alıp barıw boyınsha dástúrler jaratıw, AKTlar tiykarında shınıǵıwlar ótiw kerek. Dástúrli oyınlardan birinde videoproektrdan paydalanıladı. Bunda hárbir miyweniń astına atı jazılǵan bolıp, ekrannıń tiykarǵı bólimine shıǵadı. Tárbiyashı hárbir baladan ekranda shıqqan miyweniń atın soraydı. Olar mikrofon járdeminde ekranda kórsetilgen miyweniń atın aytadı, sóylewi tınıq hám bir tegis shıqsa, ekranda jasıl shıra janadı. Eger jaqsı shıqpasa qızıl shıra janadı. Joqarıdaǵı miywelerdiń atların yadlap alǵan soń, ekranda miyweniń súwreti ǵana kórsetiledi, soń balalar menen tákirar shınıǵıwlar ótkeriledi. Olar balalardıń sóz baylıǵı artıwına járdem beredi. Esitiwinde kemshiligi bolǵan insannıń sóz baylıǵı tómen rawajlanǵan bolsa, joqarıdaǵı dástúr islenbesi shárt esaplanadı [2]. Esitiwi awır balalar ushın mektepke shekemgi tárbiya áhmiyetli sanaladı, sebebi bir jasqa shekem bala tili shıqqansha esite alatuǵın hám gereń balalar arasındaǵı parıqlar kózge taslanbaydı. Waqıt ótip, esitiwinde nuqsanı bar bala sóylewdi baslamaydı, onıń rawajlanıwı tilsiz keshedi, sóylewi sheklengen boladı, balaǵa heshnárseni aytıp túsindirip bolmaydı. Solay eken, balanı sóylewge úyretiw qanshelli erte baslansa, esitetuǵın bala menen arasındaǵı parıq sonshelli kem hám keyingi tálim imkaniyatları da sonshelli kóp boladı. Balalar baqshasında surdopedagog hám tárbiyashılar onı usı jastaǵı esitetuǵın balanı úyretken barlıq nársege: súwret salıw, jabıstırıw, qurıw, sanaw hám hátte oynawǵa úyretedi. Esitiwde kemshiligi bar balanı sóylewge úyretiw onı seslerdi aytıwǵa úyretiw ǵana emes, bul gereń bala tárbiyasında ózine tán tájiriybeni talap qıladı, biraq tiykarǵısı sóylewdiń mazmunın túsiniwge úyretiw hám qatnasta awızeki sóylewden paydalanıwǵa, sóylewshiniń erin háreketlerinen túsiniw hám ózi túsinerli qılıp sóylewge úyretiw sanaladı.

Esitiwinde kemshiligi bar balalarda sóylew kónlikpelerin qáliplestiriw dáslep úlken jastaǵı adamǵa eliklew kórinisinde, esitiw apparatlarınan paydalanǵan halda ámelge asırıladı. Bul shınıǵıwlar sóylew dawamında eresek jastaǵı adam bala menen túrli ses hám ses birikpelerinen paydalanıp, olardı gimnastika elementleri menen birge qollap sóylesiw procesinde ámelge asırıladı. Bir yarım, eki jaslı balanıń awızeki sóylew ústinde islewdiń tiykarǵı wazıypası balada awızeki sóylew mútájligin qáliplestiriw sanaladı. Sol sebepli oyın hám texnik háreketler payıtında eresek jastaǵı adam predmet, hádiyse, oyınshıq hám háreketler atın ataydı. Balalar olardıń atın qolınan kelgenshe eliklew arqalı aytıwǵa háreket qıladı. Eń kereklisi balanıń úlken jastaǵı adamǵa eliklep, ses, buwın hám sózlerdi aytıwǵa urınıwı. Sóylewge eliklew háreketlerge eliklew menen tıǵız baylanıslı. Sol sebepli dene háreketlerine eliklewge úyretiwge ayrıqsha itibar qaratıw lazım. Úlkenlerge bul sıyaqlı eliklewdi ózlestirgen sayın bala háreketlerdi sesler, buwınlar, sózlerdi aytıw menen toltırıp baradı. Sol dáwirden fonetik ritmika shınıǵıwları baslanadı. Bul shınıǵıwlar mektepke shekemgi jastan aldıngı hám mektepke shekemgi jastaǵı balalar menen olardıń sóylewi ústinde alıp barılatuǵın islerdiń tiykarǵı usıllarınan biri [1].

**Juwmaq.** Esitiw qábiletin rawajlandırıwǵa qaratılǵan arnawlı shınıǵıwlar menen bir waqıtta balalardı reakciya qılıw hám túrli texnik shawqımlar, tábiyiy dawıslar transport signalların túsiniwge úyretedi. Bos waqıtlarda "Mójizalar maydoni" oyınınan paydalanıw balanıń sóz baylıǵın jeńil qáliplestiriwge járdem beredi hám hárqanday temada túrli sáwbetler ótkeriw de zárúr. Temaǵa say slaydlar bazı hádiyseler yakı obyektlerdi sáwlelendiredi, bálki zárúr vizual hám esitiw birlespelerin de jaratadı. Olardan paydalanıw sensomotor funkciyalardıń rawajlanıwına balalardı oqıtıwdıń sapasın asırıw, intellektual hám dóretiwshilik qábiletlerin qáliplestiriwge járdemlesedi. Tálim procesinde kórgizbeli oqıtıw quralların paydalanıw balalarda gúzetiw, dıqqat, sóylew hám oylawdı rawajlandıradı, dıqqat hám kórgizbeli yadtı rawajlandıradı. Media-texnologiyalar járdeminde usınılǵan durıs tańlanǵan videomateriallar tikkeley oqıw procesin elede qızıqlı hám dinamikalı qılıw imkaniyatın beredi, balaǵa úyrenilip atırǵan temanı "uqtırıwǵa" járdemlesedi, birgelikte barlıq illyuziyasın jaratadı, kólemli hám jarqın kórinislerdi qáliplestiriwge úles qosadı [3].Bulardıń bárshesi balalardıń tálim xızmetine bolǵan qızıǵıwın asırıwǵa járdem beredi, kognitiv iskerlikti aktivkestiredi, balalar menen dástúriy materialdı ózlestiriw sıpatın asıradı.

## References:

1. D.I.Karabaeva "Eshitishida nuqsoni bólgan óquvchilarning bilish jarayonlarini va oǵzaki nutqini rivojlantirish yuzasidan olib boriladigan korreksion ishlar.
2. Yunusov.M (2020) "Кар ва заиф ешитувчи болалар твоими жараёнида ахборот технологияларидан фойдаланиш имкониятлари.
3. Yunusov.M (2020) "Мактабгача таьлим жараёнида мультимедиа технологиям ни тадбик етиш.